


Sitwèb ak Aplikasyon Mobil Pòtay pou Paran Eta New York yo

Pòtay pou Paran Eta New York (www.nysparenting.org) se yon pwojè sibvansyon Konsèy Timoun ak Fanmi yo pou Developman sistèm Preskolè sòti nan Nesans jiska Senk (5) lane. Sitwèb lan gen kat (4) sitwèb fasil pou paran yo itilize Konsèy Timoun ak Paran Eta New York (NYS Council on Children and Families) te kreye ansanm ak ajans ki asosye yo ki disponib pou ede paran ak gadyen yo.

Paran yo, gadyen ak pwofesyonèl sèvis sosyal yo kapab kolabore nan kreyasyon yon bon kilti pozitif pou leve timoun kote y ap itilize resous sa yo pou sensibilize paran yo sou opsyon gadri yo genyen yo, konsèy itil pou jere pwoblèm ki gen rapò ak developman epi kikote pou jwenn sipò parantal nan reyon an. Anplisdesa, yo te ajoute enfòmasyon sou covid-19 lan pou paran yo nan fen mwa mas 2020 an nan moman Gouvènè Cuomo te anonse "Eta New York lan te Fèmen" epi paran yo te oblige aprann kijan pou yo leve timoun pandan pandemi a. *Konsèy la toujou kontinye mete enfòmasyon yo ajou tanzantan.*


Kat (4) sitwèb ki sou [Pòtay Pou Paran ki nan Eta New York](#) yo se:

- [Loalizatè Pwogram Gadri, aktivite Aprè Lekòl ak Vizit Lakay Eta New York](#): Bay enfòmasyon sou gadri, aktivite aprè lekòl ak pwogram vizit lakay nan yon sèl kote ki aksesib pou tout moun.
- [Gid pou Paran: Kòmanse Viv Ansanm \(Starting Life Together\)](#): Gid pou senk (5) premye ane ou antanke paran. Kit ou se: manman oswa papa (atravè nesans, adopsyon, oswa fwaye dakèy), yon granparan, patnè, zanmi fanmi an, matant oswa tonton ki gen responsabilite pou leve timoun, tout sa w di ak tout sa w fè konte.
- [Navigatè Plizyè Sistèm](#): Bay aksè ak enfòmasyon itil sou sante, edikasyon, sèvis sosyal ak andikap sou yon sitwèb fasil pou itilize. Li kreye pou lajenès la, paran yo, manm fanmi yo ansanm ak gadyen yo ki depann sou sipò plizyè sistèm sèvis pou timoun ak paran.
- [Chak Elèv Prezan](#): Aprann kijan pou ranfòse konfyans pitit ou an, siveye travay eskolè timoun ou an, pwoteje pitit ou an kont entimidasyon epi kenbe pitit ou an sante.



Pòtay pou Paran Eta New York se yon aplikasyon mobil tou epi ki disponib nan App Store ak Google Play Store pou telechaje! Telechaje li jodia pou jwenn konsèy pou leve timoun ki itil!

Yo te kreye Pòtay pou Paran Eta New York (www.nysparenting.org) nan kad aktivite Devlope Chwa ak Konesans Paran yo (Maximizing Parent Choice and Knowledge te bay Konsèy Timoun ak Paran Eta New York lan) premye sibvansyon NYSB5 yo. Se sibvansyon 90TP0019-01-01 lan ki te rann pwojè sa a posib. Tout sa ki ladan se sèl responsabilite responsab yo epi yo pa oblige reprezante opinyon ofisyèl Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Administrasyon pou Timoun ak Fanmi yo.



Medya sosyal

Sonje byen, mesaj ki pote fwi yo se sa ki kout yo ak konvenkan ki gen kontni orijinal ak konsèy sou fason pou pale, li ak chante ak timoun yo chak jou. Lè w sible odyans ou an fonksyon zòn, laj, ak lòt kategori kapab ede ou pèsyade moun ki gen plis bezwen ou pale ak yo an. Sonje kowòdone hashtag yo, grafik, ak tan ansanm ak asosye ki nan rejon ou an pou fè yon pi gwo enpak.

Gid pratik Medya sosyal sa a gen ladan li mesaj enpòtan pou pataje ak fanmi yo epi zouti medya sosyal yo pou ankouraje ak valorize aprantisaj preskolè. Pou rann li fasil pou pataje, nou te elabore kèk sijesyon mesaj pou medya sosyal yo. Men nou envite w kreye pa w lan!

Anba la gen kèk mesaj ki "pare" ou kapab itilize pou afiche sou nenpòt platfòm medya sosyal. Rasire w swiv Konsèy lan sou [Twitter](#) (@nysccf) epi mete yon "pous ble" sou [paj Facebook](#) nou an (@nysccf) konsa n ap kapab wè mesaj ou an epi n ap swiv ou apresa! Pwomosyon resous parantal Eta New York lan kapab ede plis sansibilize fanmi yo epi relye yo ak resous ki disponib pou yo. Yo te kreye Pòtay pou Paran Eta New York lan pou mete tout resous parantal yo nan yon sèl kote.




Zouti Medya Sosyal pou Paran Eta New York yo ka Kominike sou Pòtay lan

KI KOTE: Ou lib pou poste sou tout platfòm medya sosyal etablisman ou an itilize (Twitter, Facebook, Instagram, Snapchat)

HASHTAGS: #LetsTalkAboutParenting #NYSParentPortal

TAGS: Twitter: @NYSCCF Facebook: @NYSCCF

Egzanp Grafik	Mesaj yo Sijere	Egzanp Grafik
<p>LET'S TALK, READ AND SING! I LOVE YOU! IT'S OK TO ASK FOR HELP. DO YOU WANT TO PLAY? I WILL ALWAYS MAKE SURE YOU'RE SAFE.</p> <p>Download the NYS Parent Portal Available on the App Store and Google Play</p> <p>Supported by Office of Children and Family Services, New York State Department of Health, and the Office of Early Childhood.</p>	<p>@NYSCCF gen yon bél aplikasyon ki ede w konekte ak konsèy epi resous ki itil yo. Telechaje Pòtay pou Paran Eta New York yo jodia la menm pou jwenn enfòmasyon parantal ki itil. Chèche ti papiyon ble an nan App Store ak Google Play Store. #LetsTalkAboutParenting #NYSParentPortal</p>	
<p>LET'S TALK, READ AND SING! I LOVE YOU! IT'S OK TO ASK FOR HELP. DO YOU WANT TO PLAY? I WILL ALWAYS MAKE SURE YOU'RE SAFE.</p> <p>Download the NYS Parent Portal Available on the App Store and Google Play</p> <p>Supported by Office of Children and Family Services, New York State Department of Health, and the Office of Early Childhood.</p>	<p>Èske w te tcheke aplikasyon Pòtay pou Paran Eta New York @NYSCCF lan? Telechaje Pòtay pou Paran Eta New York yo jodia la menm pou jwenn enfòmasyon parantal ki itil! Chèche ti papiyon ble an nan App Store ak Google Play Store. #LetsTalkAboutParenting #NYSParentPortal</p>	
<p>LET'S TALK, READ AND SING! I LOVE YOU! IT'S OK TO ASK FOR HELP. DO YOU WANT TO PLAY? I WILL ALWAYS MAKE SURE YOU'RE SAFE.</p> <p>Download the NYS Parent Portal Available on the App Store and Google Play</p> <p>Supported by Office of Children and Family Services, New York State Department of Health, and the Office of Early Childhood.</p>	<p>Èske w ap chèche enfòmasyon parantal oswa yon pwofesyonèl sèvis gadri? Aplikasyon Pòtay pou Paran Eta New York lan kapab ede w! Chèche ti papiyon ble an nan App Store ak Google Play Store. #LetsTalkAboutParenting #NYSParentPortal</p>	

 <p>Li pa janm twò bonè pou kòmanse bati yon relasyon solid ak baze sou konfyans ak timoun ou yo. Telechaje aplikasyon Pòtay pou Paran Eta New York lan pou ede w. Annik chèche ti papiyon ble a.</p> <p>#LetsTalkAboutParenting #NYSParentPortal</p>	<p>Li pa janm twò bonè pou kòmanse bati yon relasyon solid ak baze sou konfyans ak timoun ou yo. Telechaje aplikasyon Pòtay pou Paran Eta New York lan pou ede w. Annik chèche ti papiyon ble a.</p> <p>#LetsTalkAboutParenting #NYSParentPortal</p>	
 <p>Telechaje Pòtay pou Paran Eta New York yo jodia la menm pou jwenn enfòmasyon parantal ki itil! Disponib nan App Store ak Google Play Store. Annik chèche ti papiyon ble a.</p> <p>#LetsTalkAboutParenting #NYSParentPortal</p>	<p>Telechaje Pòtay pou Paran Eta New York yo jodia la menm pou jwenn enfòmasyon parantal ki itil! Disponib nan App Store ak Google Play Store. Annik chèche ti papiyon ble a.</p> <p>#LetsTalkAboutParenting #NYSParentPortal</p>	
 <p>Telechaje aplikasyon Pòtay pou Paran Eta New York lan pou jwenn konsèy parantal itil nan pla men ou! Disponib sou aparèy Android ak Apple yo pandan w ap chèche "NYS Parent Portal" nan App Store ak Google Play Store. Annik chèche ti papiyon ble a.</p> <p>#LetsTalkAboutParenting #NYSParentPortal</p>	<p>Telechaje aplikasyon Pòtay pou Paran Eta New York lan pou jwenn konsèy parantal itil nan pla men ou! Disponib sou aparèy Android ak Apple yo pandan w ap chèche "NYS Parent Portal" nan App Store ak Google Play Store. Annik chèche ti papiyon ble a.</p> <p>#LetsTalkAboutParenting #NYSParentPortal</p>	

Zouti Medya Sosyal pou kanpay "Lè w Pale se Ansèyman"

KIKOTE:

Ou lib pou poste sou tout platfòm medya sosyal òganizasyon ou an itilize (Twitter, Facebook, Instagram, Snapchat)



HASHTAGS:

#NYLovesTalkingisTeaching

TAGS:


Twitter: @NYSCCF

Facebook: @NYSCCF

Egzanz Grafik

Desen yo bèl anpil, men pa kite yo twonpe ou! Gen yon gwo kantite done syantifik ki rasire zouti sa yo efikas pou ede paran yo pale, li, ak chante ansanm ak timoun yo. Yo te konsilte pwofesè sistèm preskolè, syantifik, ak doktè nan kad pou elabore yon sistèm ki fonksyone sou plizyè peryòd devlopman—sòti nan premye semèn lavi jiska nan moman timoun yo kapab fè yon konvèrsasyon epi konprann konsèp ki pi avanse yo.

Ou kapab telechaje afich #TalkingisTeaching nou yo sou [Pòtay pou Paran Eta New York yo](#) nan **plizyè lang!** Pataje kijan w itilize afich yo nan kominate ou an ak Konsèy Timoun ak Fanmi yo lè w **tag @NYSCCF sou Facebook ak Twitter**. Pwomosyon resous parantal Eta New York lan kapab ede plis sansibilize fanmi yo epi relye yo ak resous ki disponib pou yo. Yo te kreye Pòtay pou Paran Eta New York lan pou mete resous parantal yo nan yon sèl kote.



Beauty



Bedtime



Books



Bus

English Spanish Chinese

English Spanish Chinese
Bengali Tagalog Korean
Haitian Creole Russian

English Spanish Chinese
Bengali Korean Russian
Haitian Creole

English Spanish Bengali
Chinese German Korean
Haitian Creole Yiddish

Egzanp Grafik



Mesaj yo Sijere

- Ann pale konsènan iv yo ansanm! #NYLovesTalkingisTeaching
- Lè w ap pale, li, ak chante ak pitit ou an - avan menm yo konprann sa w ap di a - ou ede yo aprann. #NYLovesTalkingisTeaching

- An nou pale sou men ak pye ansanm. #NYLovesTalkingisTeaching
- Ou kapab pandan w ap abiye tibebe ou w ap jwe "Peek-a-boo" ak tibebe ou an. Mande, "Kote (non tibebe a)??" nan moman w ap abiye tibebe ou an. Aprèsa di, "Men ou!" #NYLovesTalkingisTeaching

- Ann pale sou kesyon manje a ansanm! #NYLovesTalkingisTeaching
- Etandone w ap bay tibebe ou an manje, itilize mo ki pou dekri ki gou, konpozisyon ak aparans manje a genyen. "Yogout sa a gou anpil." "Fig mi jòn sa a sikre anpil!" #NYLovesTalkingisTeaching

- Ann pale sou kesyon moun ki antoure nou ansanm! #NYLovesTalkingisTeaching
- Plis ou pale ak pitit ou an, se plis l ap prepare pou aprann. Ou se premye pwofesè pitit ou an! #NYLovesTalkingisTeaching

Siyati Imèl pou Kominikasyon sou Pòtay Paran Eta New York yo



KIKOTE: Liy Siyati Imèl yo

Nan kad pwomosyon Pòtay pou Paran Eta New York yo ansanm ak tout resous li ofri bay paran yo, n ap pwopoze ou yon tèks ou kapab ajoute nan liy siyati ki egziste deja yo. W ap jwenn kèk egzanp lan sou fason pou ajoute liy siyati yo menm jan ak fason pou ajoute yo nan imèl outlook ou yo. Nou bay de (2) kalite liy siyati, youn ki konekte ak **Sitwèb Pòtay pou Paran** yo epi lòt lan konekte nan **Telechajman Aplikasyon Pòtay pou Paran**.

Premyeman, chwazi siyati ou renmen pi plis lan.

Siyati Imèl Pòtay pou Paran Eta New York yo

- **Sitwèb Pòtay pou Paran Eta New York**

- Èske w te gentan wè dènye resous familyal yo? Konsilte [nysparenting.org](#)
- Konsilte **nouvo Pòtay pou Paran Eta New York lan sou** [nysparenting.org](#)
- Èske w ap chèche konsèy ak resous parantal ki itil? Konsilte [NYS Parent Portal](#).
- Lè w paran, li esansyèl pou w kontinye aprann. [Pòtay pou Paran Eta New York lan](#) kapab ede ou.
- Se pa yon bagay ki fasil lè w paran. [Pòtay pou Paran Eta New York lan](#) kapab ede ou.

- **Telechajman Aplikasyon Pòtay pou Paran Eta New York lan**

- Wòl ou gen antanke paran enpòtan anpil. Telechaje **Pòtay pou Paran Eta New York** yo jodia la men pou jwenn enfòmasyon parantal ki itil!



- Chak paran gen bezwen jwenn sipò ak èd! Telechaje **Aplikasyon Pòtay pou Paran Eta New York** lan pou jwenn konsèy parantal.



- W ap toujou jwenn yon novo bagay chak jou nan koze edikasyon timoun. Telechaje aplikasyon **Pòtay pou Paran Eta New York** lan pou jwenn plis enfòmasyon.



- Pa gen okenn pwoblèm pou w mande èd. Telechaje **Aplikasyon Pòtay pou Paran Eta New York** lan pou jwenn konsèy parantal.



- Aplikasyon Pòtay pou Paran Eta New York lan disponib sou App Store ak Google Play Store. Annik chèche ti papiyon ble a.



Siyati Sitwèb Pòtay pou Paran Eta New York pral fèt konsa:

1. Ou kapab kopye liy siyati an sou dokiman sa a dirèk.
2. Ale sou outlook ou an anliy
3. Aprèsa ou pral klike sou **bouton paramèt** ki anwo adwat lan nan mitan yon klòch ak yon pwen entèwogasyon
4. Lè w fin klike sou bouton paramèt lan w ap wè yon bagay ki make tèm epi lòt opsyon. Nan meni paramèt sa a pa anba w ap wè **Afiche tout paramèt Outlook yo** klike sou sa a!
5. Plis opsyon pral parèt. Li pral parèt pa defo meni prezantasyon an. Nan mitan kolòn lan ou pral wè **Konpoze ak reponn** pa anba meni prezantasyon an. Klike sous sa!
6. Kounya la ou nan **siyati Imèl** ou!
7. Se la ou kapab kopye liy siyati ou te kopye nan dokiman an epi klike sou bouton anrejistre a! Tout bagay pral pare pou ou!

Siyati Telechajman Aplikasyon Pòtay pou Paran Eta New York pral fèt konsa:

1. Ou kapab kopye liy siyati ou renmen an
2. Ou pral oblige anrejistre toude ni ikòn App Store ak Google Play Store sou fòm imaj nan òdinatè ou an
3. Ale sou outlook ou an anliy
4. Aprèsa ou pral klike sou **bouton** **paramèt** ki anwo adwat lan nan mitan yon klòch ak yon pwen entèwogasyon
5. Lè w fin klike sou bouton paramèt lan w ap wè yon bagay ki make tèm epi lòt opsyon. Nan meni paramèt sa a pa anba w ap wè **Afiche tout paramèt Outlook yo** klike sou sa a!

6. Plis opsyon pral parèt. Li pral parèt pa defo meni prezantasyon an. Nan mitan kolòn lan ou pral wè **Konpoze ak reponn** pa anba meni prezantasyon an. Klike sous sa!
7. Kounya la ou nan **siyati Imèl** ou an!
8. La ou kapab kopye liy siyati ou te kopye avan nan dokiman Word lan.
9. Kounya la, ou prale nan **imaj ikòn** lan agoch bwat blanch lan nèt pou jwenn siyati imèl ou an.
10. Se la ou kapab randre toude ni ikòn app store ak google play store ou te anrejistre avan sou òdinatè ou an.
11. Ou kapab klike sou **ikòn apple app store** lan pou kont li pou fè li parèt, après w ap jwenn zouti an nan bwat blanch lan ki gen **de (2) sèk youn nan lòt** yo itilize pou ajoute lyen yo.
12. Ou pral ajoute lyen sa a <https://apps.apple.com/us/app/nys-parent-portal/id1490917046>
13. Après ou kapab klike sou **ikòn google play store** lan pou kont li pou fè li parèt après w ap jwenn zouti an nan bwat blanch lan ki gen **de (2) sèk youn nan lòt** yo itilize pou ajoute lyen yo.
14. Ou pral ajoute lyen sa a
<https://play.google.com/store/apps/details?id=com.parentportal> Kounya ikòn google lan pare.

Kounya la ou fini ak kesyon **siyati Imèl** ou an! Klike sou anrejistre (Save) epi tout bagay pral pare pou ou!

